

# Kiyès ki nan sal la?

*Tanpri pale nou de ou pandan w ap itilize Kòd QR la:*



# Seri Atelye Edikatif Squares + Streets:

Bati yon Atitid pou Devlopman Kominotè  
alantou Lojman ak Biznis

*25 mas 2024*

# Evènman Angajman nan Cleary Square

**Lansman  
Planifikasyon ak  
Jounen Pòt Ouvè**  
25/fevriye/24  
YMCA

**Atelye Zonaj**  
18/mas/24  
YMCA

**Vizit  
Kominotè a  
Pye**  
24/mas/24  
Hyde Park Ave  
ak River St

**Atelye Lojman  
+ Ti Biznis**  
25/mas/24  
YMCA

**Atelye Vizyon**  
L ap fèt nan mwa avril.  
Tanpri verifie sit  
entènèt la pou jwenn  
plis enfòmasyon

Yon seri **atelye konvèsasyon ak edikasyon** pou fè rezidan yo patisipe nan diskisyon sou pwèn yo espere soulve ak bagay yo vle sipòte nan zòn nan. Epitou, diskisyon yo pral pale sou yon seri zouti ki egziste deja ki fè konnen kijan Vil la ap travay pou sipòte objektif kominotè yo, kòm yon pwèn rantrè pou diskite sou apwòch kreyatif oswa nouvo apwòch pou atenn objektif sa yo.

## Lè Biwo a Ouvri – Ankou

Sesyon pou poze kesyon, pataje lide ak fidbak, epi tande nouvèl sou pwosesis planifikasyon an. Sa a se yon gwo opòtinite pou jwenn kèk enfòmasyon si w te rate yon evènman anvan oswa ede nou konprann plis nan konvèsasyon an.

Pou rezève yon sesyon, tanpri voye yon mesaj pa imèl bay [catherine.neill@boston.gov](mailto:catherine.neill@boston.gov)

Atelye yo fèt pou kòmanse elabore vizyon kominotè yo, ki pral fè konnen rekòmandasyon politik ak rekòmandasyon pwogramasyon yo nan pwosesis planifikasyon an.



# Ajanda

1. Enstriksyon pou Reyinyon Kominotè yo
2. Valè ak Objektif Squares + Streets
3. Sa Nou Te Tande Jiskaprezan!
4. Kondisyon Ki Egziste Deja nan Cleary Square
5. Zouti ak Resous Vil Boston Ki Egziste Deja
6. Aplike Zouti Ki Egziste Deja nan Objektif Kominotè Ou Yo (*Senaryo Aktivite Hackathon (Maraton Pwogramasyon)*)
7. *BONIS*: Elabore Pwochen Politik pou Vil la?



# 1

---

## Enstriksyon pou Reyinyon Kominotè yo



**boston planning &  
development agency**

**CITY of BOSTON**

# Leve Men Byen rapid

## *Leve men w si...*

...ou se yon rezidan nan katye a

...ou se yon pwopriyetè biznis nan Cleary Square

...se lwe ou lwe kay kote w ye a

...w ap viv avèk fanmi oswa zanmi

...ou gen ant 30 ak 50 lane

...ou gen yon pitit oswa plizyè pitit k ap viv avèk ou

...ou se yon anlwaye nan Cleary Square

...ou soti nan yon lòt katye pou w vin vizite Cleary Square

...ou se pwopriyetè kay ou an

...ou gen plis pase 50 lane

...ou gen mwens pase 30 lane

...ou plis pale yon lòt lang ki pa Anglè

# Enstriksyon pou Reyinyon Kominotè yo

## 1) Sa Yo Di Isit La Ap Rete Isit La, Sa Yo Aprann Isit La Ap Kite Isit La

- Y ap pran an kont, **lide, ak enfòmasyon kolektif** yo pataje jodi a epi yo pral enfòme rekòmasyon planifikasyon ak règleman yo ak plis angajman pou Cleary Square... **men enfòmasyon endividyèl/pèsonèl yo** pataje yo ap rete anonim sof si yo bay yo ak konsantman pou pataje yo ak kominote a an jeneral.

## 2) Pale Sèlman pou Tèt Ou, Itilize Deklarasyon “Mwen”

- Fokis sou pataje **pwòp pèspektiv ou, eksperyans ak konesans ou**. Pou vwa ak eksperyans ki pa reprezante nan sal la, **tanpri fè nonmen moun ki pa prezan yo** epi konnen estaf nou an pral fè efò anplis pou rive jwenn gwoup sa yo pou asire ide yo ak opinyon yo enfòme nan travay sa.

## 3) Fè yon Pa Annavan, Fè Bak

- Bay respè a chak moun ki pale pou di panse yo oswa poze yon kesyon pandan n ap koute, epi moun k ap pale a ta dwe retounen respè sa a **nan pa depase tan an epi bay lòt moun espas pou yo pale tou**. **Pran nòt tout moun nan sal la ki ta renmen angaje yo ak konbyen tan oswa espas w ap pran.**

# Enstriksyon pou Reyinyon Kominotè yo

## 4) Mande Èd Pandan Tout Pakou a

- **Si gen tèm oswa konsèp yo prezante ki pa klè, tanpri leve men ou pou mande klarifikasyon.** Si w gen yon kesyon ki pi elaji oswa ou vle fè yon kòmantè ki ale pi lwen pase klarifikasyon, tanpri tann jiskaske nou rive nan fen prezantasyon an pou tout enfòmasyon yo ka pataje epi pou yo bay ase tan pou materyèl sa a ak kesyon ou an. Nou ka toujou tounen nan dyaspozitiv yo si nou bezwen!

## 5) Onore Moun ki Nan Sal la ak Moun ki Pa La yo

- Gen yon varyete eksperyans, orijin, ak opinyon nan sal la. **Pandan nou konprann dezakò, nou p ap aksepte deklarasyon gwosye oswa ofansif sou lòt moun.** Nou mande pou tout patisipan yo ak prezantatè yo montre lizay youn lòt epi respekte divès fason moun kominike epi montre apresiyasyon ou pou domèn sa a.

## 6) Leve Men w Pou Kapab Pale epi Pa pale Pandan lòt moun ap pale

- **Tanpri tann youn nan manm pèsònèl la rele w anvan w pale.** Asire ou rete tann tou pa w, epi pa entèwonp moun.

*Èske w gen nenpòt lòt direktiv kominotè ou ta renmen entegre nan atelye jodi a?*



# 2

---

## Valè ak Objektif Squares + Streets



**boston planning &  
development agency**

**CITY of BOSTON**

# Valè Direktiv Squares + Streets

**EKITE:** Itilizasyon resous, zouti, ak pwosesis pou evite ak anile rezilta enjis yo epi kreye yon kapasite egal pou tout moun pwospere.

**AKSESIBILITE:** Kapasite pou moun ak òganizasyon ki nan tout nivo revni ak orijin, alèz pou peye pou yon kalite lavi konfòtab pou tout tan.

**REZILYANS:** Kapasite pou moun, òganizasyon, ak anviwònman ki bati a pou reziste ak adapte yo ak menas koni epi ak menas enkonni.



# Objektif pou Lojman ak Biznis Squares + Streets

Kòm vil la ap grandi, Squares + Streets mande pou mete ajou separasyon zòn yo pou pi byen **pèmèt yon divès kalite seri biznis ak opòtinite lojman:**

- Nou bezwen **bati plis lojman** pou akomode rezidan ki deja abite ladan ansanm ak pwochen rezidan ki poko gen mwayen pou viv isit la
- Nou bezwen **ranfòse ekosistèm ti biznis yo** nan mete sipò ak resous yo ansanm epi ouvè chemen investisman pou majorite pwopriyetè kay yo

## These six graphs show how bad the Greater Boston housing market is right now

Inventory is plummeting, renters are getting squeezed, and many communities simply aren't building enough to keep pace

By Dana Gerber Globe Staff, Updated November 15, 2023, 7:37 a.m.



According to a new report, Greater Boston's housing crisis is only getting more dire. DAVID L. RYAN/GLOBE STAFF

# 3

---

## Sa Nou Te Tande Jiskaprezan!



**boston planning &  
development agency**

**CITY of BOSTON**

# Ki Kote Nou Te Ye?




1. 15 Lidè ak Òganizasyon Kominotè yo
  - o Menino Arts Center, Rosebery Ruskindale Road Neighborhood Association, Hyde Park Board of Trade, Boston Renaissance Charter School, Keep Hyde Park Beautiful, Hyde Park Main Streets, Hyde Park Board of Trade

1. Evènman Lansman Cleary Square la nan Lokal YMCA a nan dat 25/fevriye avèk anviwon 100 Patisipan
2. 3 Orè Kafè Sou Plas an Patenarya avèk Biwo Sèvis Vwazinay la (Office of Neighborhood Services, ONS)
3. Evènman Tanporè pou Planifikatè a ak Bilding Minisipal ak YMCA
4. Plis pase 100 Repons Sondaj



# Ak Ki Moun Nou Te Pale nan Evènman Lansman Cleary Square la?



# Objektif Alavni pou Sansibilizasyon ak Angajman...

Pandan pwosesis sa a ap kontinye, nou vize angaje ansanm ak divès kalite rezidan yo ak moun ki vizite Cleary Square, tankou moun ki ka pa kapab toujou ale nan evènman tankou sa a.

***Gen kèk gwoup nou konte angaje yon fason ki plis dirèk nan pwosesis sa a:***

- Jèn
- Rezidan Lojman Piblik yo
- Lokatè yo
- Pwopriyetè Ti Biznis yo
- Moun ki Pale Panyòl yo
- Kominote Kreyòl Ayisyen/Kominote Nwa a
- Gwoup Anviwònmanal yo
- ***Kiyès ankò???***



# Kisa Nou Tande Jiskaprezan sou Lojman ak Ti Biznis?

- Nesesite pou fè divès kalite lojman ki **abòdab pou yon varyete revni fanmi** ak kantite moun ki nan fanmi an
- Epitou, nesesite pou **pwodui chemen investisman pou pwopriyetè kay yo**, yon fason pou moun yo ka santi yo jwenn ankourajman pou yo investi nan katye yo a
- Plis restoran pou fanmi, bistwo, libreri, sal pou mizik, ba ak ba enfòmèl
- **Transpò ki pi fyab** (ki se Tren nan Ti Katye)
- **Espas yo vann kafe kote ou ka anmize w!**

Zoning around  
ADUs and other  
multi generational  
housing options

Please Please  
create more  
invested Resident,  
provide affordable  
home sites  
Not Rentals!

Price! ✱  
There needs to be  
more family housing  
Start with studios

Cafes,  
Child care centers

More Retail  
- Family Restaurants  
- Book stores  
NO Dollar  
Stores!!

More bar/lounges  
+ restaurants  
A. GOOD. BAGEL



# 4


---

## Kondisyon ki Egziste nan Cleary Square (Lojman)



# Zòn Plan Cleary Square



Zòn plan Cleary Square la se  $\frac{1}{3}$  mil ozalantou kafou prensipal ki nan River Street ak Harvard Avenue, ak Maple Street la.



Sa a se pa limit chanjman zonaj ki gen pou vini yo. Y ap detèmine yo atravè chak Plan pou Ti Zòn yo. Sa a se zòn konsantrasyon jeneral Plan pou Ti Zòn yo.

# Kalite Lojman nan Cleary Square

Zoning around ADUs and other multi-generational housing options



Cleary Square gen plis kay pou yon sèl- ak 2- fanmi epi mwens kay pou plizyè fanmi pase lòt katye Boston. **Sa reprezante yon mank opsyon lojman divèsifye pou rezidan Cleary Square.**


**Sepandan, an konparezon avèk Hyde Park, gen kèk dansite modere ki deja egziste nan Cleary Square.** Gen plis estrikti ki egziste deja ak 3 jiska 4 inite nan zòn planifikasyon Cleary Square (19.9%) pase katye a an jeneral (12.3%)

# Pwopriyetè Kay nan Hyde Park

Please Please  
create more  
invested Residents  
provide affordable  
Home sales  
NOT Rentals!

**Majorite Lojman nan Hyde Park se pwopriyetè yo ki abite ladan yo, men majorite inite yo nan tout vil la se lokatè ki abite ladan yo. Cleary Square ti kras plis ale nan direksyon lokatè ki abite ladan yo.**


Household Ownership Comparison




# Fanmi ki Rete nan Yon Kay pa Ras nan Boston

Fanmi blan yo reprezante majorite (63.3%) pwopriyetè ki rete nan inite yo nan Vil Boston.

Population by Race in Boston




Home Ownership by Race in Boston




# Fanmi ki Rete nan Yon Kay pa Ras nan Hyde Park

Fanmi nwa yo (48%) reprezante majorite pwopriyetè ki rete nan inite yo nan Cleary Square (ak nan Hyde Park).

Population by Race in Cleary Square



Home Ownership by Race in Cleary Square



# Inite Lojman pa Nimewo Chanm yo nan Cleary Square


Price! ✖  
There needs to be more family housing  
Stop with studios

Hyde Park ak Cleary Square itilize pi gwo inite yo plis, an konparezon ak pwopòsyon nan tout vil la

Kay Hyde Park ak Cleary Square yo jeneralman pi gwo pase kay ki nan tout vil la

- **Cleary Square ak Hyde Park:** Mwayèn 2.8 moun/kay
- **Nan tout vil la:** Mwayèn 2.3 moun/kay

Household Occupancy by Number of Bedrooms




# Revni Moun nan Kay la nan Cleary Square

Revni mwayen fanmi an nan Cleary Square se \$86,108, **trè pre revni mwayen fanmi an nan tout vil la** se \$89,212

Konpare ak lòt katye Boston, Cleary Square gen yon distribisyon nan nivo revni ki menm jan, ki mete aksan sou bezwen pou divès nivo abòdad

Household Income in Cleary Square Compared to Boston






# Popilasyon pa Laj nan Cleary Square


*Cates,  
Child care centers*

*Help Hyde  
Parkers age  
in place  
More senior  
houses please*

Population by Age in Cleary Square



Population by Age in Boston




- **Rezidan ki pi piti ak pi gran nan vil la pi enpòtan nan Cleary Square pase nan tout vil la:**
  - Pati timoun ki nan laj 5 jiska 17 lane (14.6%) nan Cleary Square pi wo pase tout vil la (10.9%)
  - Pati granmoun aje ki nan laj 60 lane oswa plis (24.1%) nan Cleary Square pi wo pase tout vil la (17.2%)
- Pati jèn ki nan tout vil la, ki gen laj adilt k ap travay 18 jiska 29 lane (27.4%) pi wo nan tout vil la pase Roslindale (16.7%)

# Pri Lojman nan Hyde Park


- **37% moun ki abite nan Hyde Park ap fè fas ak ogmantasyon pri lojman (> 35% revni fanmi an chak mwa ale nan depans lojman)**
- **An 2023, pri mwayèn yon inite rezidansyèl nan Hyde Park se \$462,500** konpare ak \$725,000 nan tout vil la (Sous: Biwo Lojman Majistra a gwoup Warren, ak Divizyon Rechèch BPDA)
- **Lwaye mwayèn ki ekilibre Hyde Park\* se \$2,253** nan kòmansman ane 2023 (1ye - 2yèm trimès 2023), pi piti pase nivo mwayen an nan tout vil la ki se \$3,053 (Sous: Biwo Lojman Majistra a gwoup Warren, ak Divizyon Rechèch BPDA)

\*Lwaye mwayèn ki ekilibre ki koresponn ak konpozisyon chanm yo nan inite pa katye lè yo sèvi avèk estimasyon ACS 2017 jiska 2021 5 lane.



# Pri Lojman nan Hyde Park: Inite pou Vann


Pri mwayen inite rezidansyèl Hyde Park se **\$462,500** an 2023, pi piti pase medyan nan tout vil la ki se **\$725,000**



# Pri Lojman nan Hyde Park: Lwaye

Lwaye mwayèn ki ekilibre Hyde Park se **\$2,253** nan 1ye - 2yèm Trimès 2023, pi piti pase nivo mwayen nan tout vil la ki se \$3,053

Sa suiv tandans diminye pri lwaye yo anmezi katye a ap elwanye l de sant vil la



# 5

---


## Kondisyon ki Egziste nan Cleary Square (Biznis)



# Ki Moun ki Pase Tan nan Cleary Square?

- Plis pase mwatye (52%) moun ki pase tan nan Cleary Square ap viv **nan yon demi mil oswa yon ti mache 10 minit**
- Nan moun ki pase tan nan Cleary Square, **18.3% pale yon lang ki pa Anglè**
- Gen yon **divèsite nan revni fanmi an** ki reprezante nan moun ki pase tan nan Cleary Square, revni fanmi ki fèb (18% touche mwens pase \$25,000) ak kay ki pi rich (32% touche plis pase \$125,000)



*\*Tout done yo soti nan Divizyon Rechèch BPDA*



# Kalite Biznis nan Cleary Square

- Gen anpil biznis k ap bay sèvis nan Cleary Square (anviwon 45%).
- **Pa gen twòp magazen vid nan Cleary Square** (0.3 pousan nan twazyèm Trimès 2023 a), sa fè santi ka vin gen plis demann pou genyen lòt espas magazen.
- **Sektè ki bay plis moun travay la se sektè enfòmasyon, finans, ak sèvis pwofesyonèl epi sèvis pou antrepriz**, sektè sa gen 84 antrepriz ki bay 401 moun travay.


Types of Businesses in Cleary Square



# Lwaye kKmèsyal nan Hyde Park

- **Pri lwaye mache an detay nan Hyde Park se \$24/pye kare pri lwaye mache biwo se \$37.56/ pye kare nan 3zyèm trimès 2023**
- **Lwaye pou komès an detay yo nan zòn nan san wete Hyde Park, Mattapan, Hyde Park, ak West Roxbury se yo ki pi ba nan vil la**

Retail Market Rents by Neighborhood



Gen ladan Hyde Park



# Revni Fanmi pou Moun K ap Pase Tan nan Cleary Square

## Revni Fanmi an

	Moun k ap pase tan nan Cleary Square	Rezidan Cleary Square yo
Mwens pase \$24,999	18.0%	20.7%
\$25,000 jiska \$49,999	13.6%	11.8%
\$50,000 jiska \$74,999	10.6%	9.1%
\$75,000 jiska \$99,999	14.3%	20.7%
\$100,000 jiska \$124,999	11.3%	13.4%
Plis pase \$125,000	32.1%	24.2%
Revni Mwayen Fanmi an	\$86,810	\$82,988

Sous: Biwo Resansman Etazini, Sondaj nan Kominote Ameriken soti 2018 pou rive 2022, Analiz Divizyon Rechèch BPDA. “Moun yo pase tan” se yon mwayèn ki ekilibre sektè yo idantifye pa done telefòn selilè Cuebq.

# 6

---


## Zouti Lojman ki Egziste Deja



# Abòdab pou Ki Moun?

Diferan pwogram lojman yo vize diferan nivo revni fanmi an

Sa ki 'abòdab' pou yon fanmi ka pa abòdab pou yon lòt fanmi, kidonk li enpòtan pou kolabore atravè vil, eta, federal, ak sektè prive pou sèvi tout nivo revni.



# Sipò pou Vil la pou Rezidan Katye yo

## Lokatè yo

- [Biwo establiite Lojman](#) ofri yon seri sèvis tankou sipò legal, konsèy pou pwopriyetè kay, rezolisyon konfli epi bay referans pou sipò finansye pou **anpeche degèpisman**.
- **Rasyonnalize aksè ak lojman ki gen restriksyon sou revni**, lè w amelyore sansibilizasyon epi senplifye motè rechèch lojman tankou [Metrolist](#), [MyMassHome](#), [Housing Navigator](#), [HUD Low Rent Apartment Search](#), ak [MassAccess Housing Registry](#).
- Bay pwoteksyon pou lokatè atravè [Egzijans Notifikasyon](#) pou non renouvèlman lwaye ak [Kondisyon Konvèsyon Kondominyòm](#)
- [Asistans pou Demenajman Linifòm](#) se yon lwa federal ki tabli **sipò siyifikatif pou demenajman** pou pwogram ki finanse federalman ak pwøjè ki egzije akizisyon byen imobilye oswa **moun ki deplase nan kay yo, nan biznis yo, oswa nan fèm yo**.

## Pwopriyetè yo

- Ankouraje [Egzanpsyon pou taks pèsònèl pou difikilte](#) epi konsèy ak konsiltasyon pou pwopriyetè kay ak pretè sou modifikasyon prè [Boston Home Center Foreclosure Prevention](#) te ofri pou **anpeche sezi kay la oswa mèb yo**
- Bay pwopriyetè kay sipò finansye pou reparasyon atravè [Boston Home Center Home Equity Loan](#) ak [Seniors Save program](#) pou **soulaje ak finanse depans antretyen**

# Zouti pou Prezève Lojman Abòdab ak Lojman ki Gen Restriksyon sou Revni Ki Fèt Natirèlman

- [Konvèsyon Demonstrasyon Asistans pou Lwaye \(RAD\)](#) te fèt pou ede adrese antretyen difere nan pòtfolyo lojman piblik la epi **konble pèt nan lojman abòdab ki pa t kapab kenbe nan estanda desan ankò.**
  - Dènyeman Otorite Lojman Boston (BHA, Boston Housing Authority) te resevwa \$66 milyon pou reyabilite Mission Main. Vil la pral kontinye aplike pou finansman RAD pou mete ajou pwopriyete BHA atravè Boston.
- Biwo Lojman Majistra a (MOH, Mayor’s Office of Housing) kenbe yon **envantè lojman sibvansyon ki egziste deja ak kontwole epi entèveni nan yon fason ki aktif pou prezève li**, san wete ka kote seksyon 8 kontra yo ap fini, restriksyon pou papyè kay yo ap ekspire oswa bezwen kapital yo pa rezoud
- Sèvi ak [Pwogram Opòtinite Akizasyon \(AOP, Acquisition Opportunity Program\)](#) Vil la ka bay asistans finansyè pou devlope sosyalman responsab pou akizasyon an ak konvèsyon **“lojman abòdab natirèlman”** san wete pwopriyete pou lokasyon pou plizyè fanmi , nan to ki sou mache yo, pou lojman ki gen restriksyon sou revni alontèm
  - AOP te konsève 850 inite jiska konnya!

# Kijan Vil la Pwodui Nouvo Lojman Tout Kalite?

## Tout Kalite

- [Squares + Streets](#) pral fè yon lòt zonaj ki oryante transpò piblik yo pou **repati nan yon fason ki ekitab nan dansite atravè katye Boston** yo pandan y ap pèmèt lojman ki gen plizyè inite ki kòrèk.
- Nan lane 2015, Boston te vin **premye minisipalite nan nasyon an** pou egzije sèten pwojè devlopman, ak yon eleman rezidansyèl, pou konplete yon [Pwomosyon Aktif Pou Lojman Pou Tout Moun](#) epi pran mezi enpòtan pou **abòde disparite lojman** kòm yon kondisyon Konsèy BPDA apwouve.

## Lojman Piblik

- **Kreye nouvo inite lojman piblik** pandan y ap ajoute inite ki akseptab dapre lwa federal “faircloth” la

## Lojman Ki Gen Restriksyon sou Revni

- Egzije pou 17 jiska 20 pousan inite ki nan nouvo devlopman ki pi gwo pase 7 inite ki konfòme yo ak [Zonaj Enklizif](#) (an vigè oktòb 2024)
- **Sik finansman anyèl pou lojman abòdab** atravè **Biwo Lojman Majistra a** [Fon Fidisyè pou Lojman Katye](#), Lwa sou Konsèvasyon Kominotè, Fon Federal (sa vle di fon pou kay)
- Nan mwa jen 2022, Majistra Wu te anonse piblikasyon [Tè Piblik pou Byen Piblik: Odit Tè Nan Tout Vil la](#) ki te idantifye tè vil la posede ki te vid oswa ki pa t itilize byen epi ki te prezante yon gwo opòtinite pou redevlopman pou avansman objektif vil la (abòdab, ekite, ak rezilyans)
- Avèk \$58 milyon dola nan finansman American Rescue Plan (ARPA) Majistra Wu te lanse [Welcome Home, Boston](#) pou **suiv pi rapid pwodiksyon nouvo kay abòdab ak opòtinite pou se pwopriyete kay**

# Kijan Vil la kreye opòtinite pou rezidan yo jwenn aksè nan opòtinite pou yo se pwopriyetè kay abòdab?

## *Pwogram pou Posede Kay*

- [Boston Home Center](#) bay asistans finansye ak teknik pou moun k ap achte kay pou premye fwa yo
  - Klas pou moun k ap achte kay: [Homebuyer 101](#)
  - Asistans pou premye pèman ak frè kloti pou moun k ap achte kay pou premye fwa ki gen revni ki fèb oswa modere: [First-Time Homebuyer Program](#)
  - To enterè a “desann” pou moun k ap achte kay pou premye fwa ki elijib: [ONE+ Boston](#)
  - ‘Boot camps’ nòt kredi pou potansyèl achte: [Credit Booster Program](#)
  - Kont Epay ki koresponn, plis edikasyon ak konsèy pou premye jenerasyon achte nan Boston: [STASH](#)
- Kreye pwogram pou moun ki nan lwaye vin posede pwòp kay yo, ki ni pou rezidan lojman piblik yo: [BHA First Home Program](#):
- Fè zonaj yon lòt fwa pou pèmèt kreyasyon ADUs (inite lojman siplemantè/adisyonèl)
- Bay asistans teknik ak finansye pou sipòte konstriksyon ADU: [ADU Program & ADU Loans](#)

# 7

---

## Zouti pou Ti Biznis ki Egziste Deja



**boston planning &  
development agency**

**CITY of BOSTON**



# Kijan Nou Pwoteje Ti Biznis 'Fiks' ak Antrepriz Kiltirèl yo?

- [Boston Main Streets](#) se yon rezo 20 òganizasyon endepandan san bi likratif Main Street ki egziste atravè Boston. Main Street itilize yon apwòch revitalizasyon konplè epi konekte biznis lokal yo ak sèvis ak resous
- [Affordable Commercial Assistance Fund](#) (Fon Asistans Komèsyal Abòdab) ede sibvansyonelwaye komèsyalnan devlopman lojman abòdab pou soutni ti biznis ak òganizasyon san bi likratif nan Boston ki afekte pa pandemi an
- Biwo pou Opòtinite Ekonomik ak Enklizyon bay asistans teknik pou sipòte ak ede **estabilize biznis ki gen enpòtans istorik, kiltirèl ak sosyete** atravè [Legacy Business Program](#) (Pwogram Biznis Patrimwàn)
- Sibvansyone depans fonksyonman yo epi konekte pwopriyetè ti biznis yo ak lòt espas devan magazen oswa nouvo espas ki vid kounye a ak [S.P.A.C.E Grant Program](#) (Pwogram Sibvansyon S.P.A.C.E)

## **Sipò ki Pa nan Tout Vil la**

- [Uniform Relocation Assistance](#) (Asistans pou Demenajman Inifòm) se yon lwa federal ki tabli estanda minimòm swen pou pwogram ki finanse federalman ak pwojè ki egzije akizisyon byen imobilye oswa **ki deplase moun nan kay yo**, biznis, oswa fèm yo pou ede **sekirize sipò demenajman ki enpòtan pou lokatè yo**

# Kijan nou prezève ak Pwoteje Espas Fizik ak Kote Ki enpòtan Pou Kominote a?

- **Prezève itilizasyon komèsyal ki egziste deja yo** atravè zonaj nan zòn ki gen deplasman komèsyal yo
- **Prezève ak amelyore fasad ak devan magazen istorik** pou ogmante vitalite distri komèsyal yo ak biznis lokal atravè [ReStore\\*](#)
- Sipòte **akizasyon, prezèvasyon ak reyabilitasyon pwopriyete istorik** atravè finansman ki soti nan [Community Preservation Fund](#) (Lwa sou Konsèvasyon Kominotè) ak [Acquisition Opportunity Program](#) (Pwogram Opòtinite Akizasyon)
- Bay òganizasyon kiltirèl sibvansyon pou **amelyore ak prezève pwodiksyon kiltirèl, espas pou pratik ak pèfòmans**, oswa sipòte depans demenajman ijans atravè [Cultural Space Fund](#) (Fon pou Espas Kiltirèl)
- Bay asistans finansye ak teknik pou **sipòte biznis ki istorikman defavorize k ap pousuiv kontra Vil Boston** tankou [Contracting Opportunity Fund](#) (Fon pou Opòtinite Kontra) ak [Cultural Space-Readiness Pilot](#) (Pwogram pou Preparasyon Espas Kiltirèl)

\*Lajan pou pwogram Restore nan Roslindale ak Hyde Park yo soti nan fon Devlopman pou Katye (NDF, Neighborhood Development Fund)

# Kijan nou pwodui nouvo Espas Komèsyal ak kiltirèl nan diferan nivo abòdab nan Zòn Priyoritè yo?

- Refòm Kòd Zonaj Estratejik tankou [Plas ak Ri](#) epi [Zonaj Sèvis Gadri nan Tout Vil la](#) pou fè **plis itilizasyon komèsyal/kiltirèl jan sa dwe fèt**
- Nan mwa jen 2022 Majistra WU te anonse publikasyon [Tè Publik pou Byen Publik: Odit Tè Nan Tout Vil la](#) ki te idantifye tè **vil la posede ki te vid oswa ki pa t itilize byen epi ki te prezante yon gwo opòtinite pou redevlopman** pou avansman objektif vil la (abòdab, ekite, ak rezilyans)
- **Travay ak devlopè prive pou kreye nouvo espas komèsyal/kiltirèl** nan sipòte depans pou konstriksyon, itilizasyon yo deziyen, oswa pi ba pase pri lwaye ki sou mache a (sa vle di 250 Wester Avenue gen yon preferans biznis lokal ak sipò pou depans konstriksyon; 3743 North Beacon te deziyen yon espas galeri ki nan anba lakay pou yon kontra lwaye alontèm)

# 8

---

## Aplike Zouti Ki Egziste Deja nan Objektif Kominotè Yo



**boston planning &  
development agency**

**CITY of BOSTON**

# Egzanp pou Objektif Lojman Kominotè nan Evènman Lansman Cleary Square Ia (25/fevriye)

Price  
There needs to be more family housing  
Stop with studios

Help Hyde Parkers age in place  
More Senior Houses Please

Please Please create more Invested Residents  
Provide affordable home sites  
Not Rentals!

Zoning around ADUs and other multi generational housing options

More bar/lounges + restaurants  
A. GOOD. BAGEL

More Retail  
- Family Restaurants  
- Book stores  
NO Dollar Stores!!

Child care centers

Cafes, bagels, Restaurants, music venues,


Coffee Shop  
We miss Coffee Break!  
Bakery  
More Spots to eat

# Aktivite Gwoup Hack-A-Thon (Maraton Pwogramasyon):

## WHAT TYPES OF HOUSING ARE AVAILABLE & FOR WHO?


SQUARES + STREETS

Household Income in Cleary Square Compared to Boston



Times	Average Household Size (Cleary Square)	Average Household Size (Citywide)
Owner-occupied	2.1	2.4
Renter-occupied	2.1	2.3
Average	2.0	2.3


Household Occupancy by Number of Bedrooms



Data Source:

### STEP 1: WHAT ARE YOUR COMMUNITY DEVELOPMENT GOALS?

Based on the housing and demographic data provided about Cleary Square on the left, come up with your own community development goals using sticky notes. OR you can use the example provided below.



"Price? There needs to be more family housing! Stop with studios."

### STEP 2: WHAT CITY OF BOSTON TOOLS WOULD HELP ADVANCE YOUR GOALS?

Select the City of Boston housing tools that would best achieve your goals.

Housing Tool #1



Housing Tool #2



Housing Tool #3

